**दिन– शुक्रवार** **दिनांक–03.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार लोक सेवा आयोगक सत्तरम संयुक्त एकीकृत प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा निरस्त करबाक मांग के लऽकऽ प्रदेश भरि मे छात्र लोकनि प्रदर्शन कऽ रहल छथि। राजधानी पटना मे सांसद पप्पू यादव के नेतृत्व मे छात्र लोकनि सचिवालय हॉल्ट स्टेशन पर ट्रेन रोकि कऽ प्रदर्शन कयलनि। प्रदर्शनकारी लोकनि पटना–बाईपास के सेहो जाम कऽ नाराबाजी कयलनि। राजद छात्र संगठन, एनएसयूआई, एआईएसएफ आ एआईएसए सहित विभिन्न छात्र संगठन पटना मे प्रदर्शन कऽ रहल छथि। प्रदर्शनकारी लोकनि मुख्यमंत्री आवास के घेराव करबाक प्रयास कयलनि मुदा पुलिस एकरा विफल कऽ देलनि। हमर संवाददाता जनौलनि जे मधेपुरा मे सेहो छात्र लोकनि ट्रेन रोकि कऽ प्रदर्शन कयलनि। सासाराम, औरंगाबाद, लखीसराय, सहरसा, सुपौल, किशनगंज, भागलपुर आ अररिया सहित विभिन्न जिला मुख्यालय सभ मे सेहो छात्र सभक प्रदर्शन जारी अछि।

---

एहि मध्य बिहार लोक सेवा आयोग कहलक अछि जे पटना के बापू परीक्षा परिसर के निरस्त भेल सत्तरम एकीकृत संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा काल्हि पटनाक बाईस केन्द्र सभ पर आयोजित कयल जायत। आयोग शांतिपूर्ण आ निष्पक्ष परीक्षाक आयोजन के लऽकऽ व्यापक प्रबंध कयलक अछि।

---

बिहार विधान परिषदक तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक नवनिर्वाचित विधान पार्षद वंशीधर ब्रजबासी आइ सदनक सदस्य के रूप मे शपथ लेलनि। सभापति अवधेश नारायण सिंह हुनका शपथ दियौलनि। बाद मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री ब्रजबासी कहलनि जे ओ शोषण के विरूद्ध लागातर अपन आवाज उठबैत रहताह।

---

राज्य सरकार कहलक अछि जे आकांक्षी जिला कार्यक्रमक अंतर्गत तेरह जिला मे विकास परियोजना के लेल दू सय पचीस करोड़ टाका के राशि आवंटित कयल गेल अछि। योजना आ विकास विभागक मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे नीति आयोग द्वारा अगस्त दू हजार चौबीसक जारी रैंकिंग मे बेगूसराय जिला के देशभरि मे पहिल स्थान भेटल अछि। ओतहि नवादा आ सीतामढ़ी जिला तेसर स्थान पर रहल। श्री यादव जनौलनि जे आकांक्षी प्रखंड कार्यक्रमक लेल नीति आयोग द्वारा जारी पहिल डेल्टा रैकिंग मे सीवान जिला के आंदर प्रखंड के समग्र प्रदर्शन के लेल देशभरि मे पहिल स्थान प्राप्त भेल अछि।

———————————————————

शिक्षा विभाग कहलक अछि जे विशेष परिस्थिति मे स्थानांतरणक लेल एक लाख नब्बे हजार शिक्षक लोकनि आवेदन देलनि अछि। प्राथमिक शिक्षा निदेशक पंकज कुमार जनौलनि जे प्राप्त आवेदनक निष्पादन चरणबद्ध ढंग सँ कयल जायत। प्रथम चरण मे असाध्य रोग, शारीरिक आ मानसिक दिव्यांगता सँ पीडित शिक्षक आ विधवा तथा परित्यक्त महिला शिक्षिका लोकनिक स्थानांतरण होयत। ओतहि दोसर चरण मे पति–पत्नी के पदस्थापना के आधार पर स्थनांतरण होयत। तेसर चरण मे ऐच्छिक स्थान सँ वर्तमान पदस्थाना के दूरी के कारण शिक्षिका लोकनि सँ प्राप्त आवेदन आ चारिम चरण मे पुरूष शिक्षक लोकनि सँ प्राप्त आवेदनक आधार पर स्थानांतरण कयल जायत।

———————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय आइ राज्यक विभिन्न हेल्थ एंड वेलनेश सेंटर मे बच्चा सभक टीकाकरणक लेल एक हजार प्रतिरक्षण कॉर्नर के शुभारंभ कयलनि। सारण जिलाक साहपुर मे आयोजित कार्यक्रम मे श्री पांडेय कहलनि जे एहि प्रतिरक्षण कॉर्नर पर सप्ताह मे तीन दिन सोम, मंगल आ वृहस्पति के टीकाकरण होयत।

———————————————————

पूरा प्रदेश मे कड़ाका के ठंड़ा पड़ि रहल अछि। राज्यक बेसीतर भाग मे हल्का सँ मध्यम स्तर के कुहेस लागल रहल। दृश्यता कम हेबाक कारण रेल, सड़क आ हवाई यातायात प्रभावित भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार बेसी ठाम न्यूनतम तापमान दस डिग्री सेल्सियस सँ कम भऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा के दरमियान पांच दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग बांका राज्यक सभ सँ ठंड़ा स्थान रहल।

———————————————————————

पूर्व रेलमंत्री ललित नारायण मिश्र के एकावनम पुण्य तिथि पर आइ हुनका श्रद्धा पूर्वक स्मरण कयल गेल। एहि अवसर पर ललित बाबू के पैतृक गाम सुपौल के बलुआ बाजार मे राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण मंत्री नीरज कुमार बबलू, स्थानीय सांसद दिलेश्वर कामैत आ जिलाधिकारी कौशल कुमार सहित कतेको गणमान्य लोकनि ललित नारायण मिश्र के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर समस्तीपुर रेलवे स्टेशन स्थित ललित बाबू के शहादत स्थल पर श्रद्धांजलि कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————

मैथिली अकादमी के पूर्व अध्यक्ष आ आकाशवाणी पटना के चर्चित कार्यक्रम चौपाल के लोकप्रिय चरित्र मुखिया जी, गौरीकांत चौधरी 'कांत' के जयंती आइ हुनक पैतृक गाम समस्तीपुर जिलाक मुजौना गाम मे समारोह पूर्वक मनाओल गेल। कार्यक्रम मे लोकसभ हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एहि अवसर पर वक्ता लोकनि गौरीकांत चौधरी के व्यक्तित्व आ साहित्यिक कृतित्व पर चर्चा सेहो कयलनि।

———————————————————————

समाप्त